PANGAOS LANGGANAN: 1 sasih f 1.70, sakwartaal f 5.— loear Indonesie 7.50, pembajaran ti pajoen.

Drukkerij di Pasarstraat 36. Telefoon No. 51 Tasikmalaja.

# „SIPATAHOENAN"

— — Di kaloearkeun koe Pagoejoeban „Pasoendan" saban dinten kadjabi Ahad sareng dinten noe dimoeljakeun — —

Hoofdredacteur BAKRIE SOERAATMADJA
Redacteur di Bandoeng MOHAMAD KOERDIE

Agent-agent Sipatahoenan: Publiciteitskantoor „de Globe" N. Z. Kolk 19 Amsterdam, M. K. Wigoena Boekitdoerl Tandjakan Mr. Cornelis, Karnasoedirdja Gang Mantarena 10 Bogor, Soetadiredja Regentsweg 34 Tjiandjoer, Gaos Soemadisastra Pangeran Soemedangweg 115 Bandoeng, R. Achmad Sobandi Sanding Garoet, sareng D. Wirianata di Tjiamis.

ADVERTENTIE: Sadjadjar kolom f 0.30 pangsaeutikna sakali moeat f 3.—. Harga langganan badami

Redactie & Administratie Stopplaats Alcen-aloen No. 4 Tel. No. 121 — Tasikmalaja.

No. 161 | Oenggal Saptoe PELET p.pl. f 1.- | Salasa 21 Juli 1931 — 5 Moeloed 1350 | Oenggal Saptoe PELET p.pl. f 1.- | Taoen ka 8

## Basa Malajoe di Volksraad.

Sarerea pada terang jen di sagala raad perwakilan di Indo nesia teh meunang njarita koe basa Malajoe (basa Indonesia) Tapi sanadjan kitoe oge, ari leden di Gemeenteraad, Provinciale raad djeung di Volksraad mah, dikoedoekeun bisa basa Walanda.

Basa Walanda dikoedoekeun bisana, ieu teh tangtoe keuna na ka bangsa Indonesia djeung bangsa bangsa Azia noe se djen, noe djaradi lid tina eta raad-raad tea. Tapi sabalikna pikeun lid bangsa Europa hen teu dikoedoekeun bisa basa Malajoe, sanadjan di eta raad teh meunang njarita koe basa Malajoe.

Dina lebah dieu oge koe oerang geus karasa sarta kata ngen jen beurat sabeulahna.

Sanadjan di Volksraad meu nang njarita koe basa Malajoe oge, tapi karereanana lid bang sa Priboemi ari njararita teh sok koe basa Walanda bae, ka djaba ti hidji doea dina taoen taoen ka toekang noe sok nja rita koe basa Malajoe teh.

Dina Volksraad noe ajeuna djrg. Oto Iskandar di Nata geus njoba njoba njarita koe basa Malajoe, tapi koe Voorzitter geus dihoelag, tjenah mending koe basa Walanda bae, soepaja kahartieun koe sa rerea. Bener ieu teh lain nga larang, tapi hartina saroea bae djeung ngalarang, padahal pi keun di bangsa priboemi mah, sanadjan noe bisana basa Wa landa geus katjida medokna oge, tapi tangtoe leuwih laloe asa moen njarita koe basa Ma lajoe, komo lamoen noe ti imah na keneh geus sasadiaan rek njarita koe basa Malajoe mah.

Lamoen inget kana djaman noe geus kasorang, katjida ma tak heranna teh, naha bareto mah, ka noe njarita basa Mala joe teh henteu madjar kitoe kieu, geuning Datoe Kajo oge njari tana koe basa Malajoe, nja ki toe deui R. A. A. Soeria Karta Legawa oge njaritana teh koe basa Malajoe.

Oepama noe bareto meunang sarta laloeasa njarita koe basa Malajoe, kari kari noe ajeuna make rek dihoelag, asa katjida henten merenahna teh.

Pertjaja tangtoe pisan sana djan bangsa Walanda oge, noe djaradi lid Volksraad teh barisa sarta ngarti kana basa Malajoe, sanadjan toean Fruin atawa toean de Hoog oge, noe pang katoehoena pisan, beunang di tangtoekeun barisa basa Ma lajoe, di imahna djeung djongos djeung toekang kebon djeung soepir, tangtoe njaritana teh lain koe basa Walanda. tapi koe basa Malajoe Djadi sana djan lid Volksraad bangsa Pri boemi njaritana koe basa Ma lajoe oge, geus tangtoe kaharti eunana teh.

Tjenah oepama tetep henteu kahartieun bae, eta mah djadi tanggoenganana noe ngadenge keun, lain tanggoenganana noe njarita, da kapan di Volksraad teh meunang njarita koe basa Malajoe. Katjida salahna lamoen ieu kalonggaran teh koe bangsa priboemi henteu dipake, baba koena pisan koe noe asoep kana Nationale fractie.

Sanadjan oerang njarita koe basa Walanda, anoe basana dientep diatoer heula, nepi ka kahartieun sarta njerep kana ati sanoebarina bangsa Walanda, tapi beunang ditangtoekeun ari dina njetem mah tetep oerang noe baris eleh bae, sabab mingkin kahartieun tang toe mingkin henteu ngaroedjoe kan bae, kana sagala angen angenna pihak kentja noe memang djoemblahna leuwih saeu tik.

Hanas oerang geus njarita koe basa Walanda, anoe henteu sakoemaha laloeasana la moen dibandingkeun djeung njarita koe basa Malajoe, hanas somah bangsa oerang noe ma lioenan djoemblahna, henteu bisa ngaregepkeun enja enja kana gorowok wawakilna, da njaritana koe basa anoe henteu ilahar di bangsa Indonesia, da maksakeun maneh njarita koe basa Walanda soepaja pihak katoehoe ngarti.

Tapi saenggeusna ngartieun tea, toengtoengna mah noe nga djoempalik teh ti pihak oerang keneh bae, lantaran dina seuh seuhanana mah, beunang ditang toekeun eleh stem bae.

Djadi ajeuna Nationale fractie di Volksraad teh, oelah ngarep ngarep teuing kana meunang stem na, kapan goendoekanana Volksraad ajeuna teh geus ki toe boektina, tapi oerang di di nja koedoe nembongkeun angen angenna noe djadi rahajat. La moen oerang ngarasa sarta roe masa djadi wawakilna rahajat, leuwih ti pantes, lamoen oerang njarita teh koe basa Malajoe bae, nja eta basa noe kaharti koe karereanana rahajat Indo nesia. Djaba ti eta, atoeh itoeng itoeng ngahormat bae kana ba sa noe ilahar di Indonesia.

Sakali deui, teroeskeun karep oerang njarita koe basa Mala joe di Volksraad teh. Djadi sa nadjan oerang geus bisa nang toekeun bakal eleh stem oge, tapi oerang geus bisa kalawan laloeasa njaritakeun angen angenna rahajat noe diwakilan koe oerang tea, oerang geus bisa nembongkeun katoegenaha nana noe djadi rahajat. Kapan dina openbare vergaderingen di loear mah, lamoen oerang hajang njaritakeun angen angen djeung katoegenahan rahajat teh, rea pisan bahajana, babari ditangkepna sarta gampang di asoepkeunana ka boei.

Di Volksraad oerang bisa njarita noe laloeasa, di dinja henteu kahalangan koe „bis" djeung koe „ter". Pake ieu ka longgaran teh, teroeskeun njari ta koe basa Malajoe. Sanadjan njarita koe basa Walanda oge, lamoen dina njetem ngadjoem palik bae, da eleh rea tea, men ding njarita koe basa Malajoe, leuwih laloeasa toer kahartieun koe rahajat noe diwakilan tea.

Teroeskeun basa Malajoe!

### Sisihan Marhaen.

**Tegenwerking (ngahalang-halang)**

Tegenwerking teh aja doea roepa:

a. directe (torodjogan)

b. Indirecte (djalan njalisib).

Tapi doeanana oge saroea bae djahatna mah, sabab doeanana oge maksoedna arek ngahalang halang ajana atawa noempes hidji kaajaan, noe teu dipikaha jang koe maranehanana.

Di oerang dina waktoe ieu toedjoean kabangsaan teh keur meudjeuhna pisan moronod dja dina (Alhamdoelillah).

Tegenwerking alias reactie aja bae. Aja noe koe djalan te rang terengan make tangan besi, ngaboei, ngaboeang pangandjoer pangandjoerna, aja koe toelisan toelisan dina soerat kabarna noe teu bosen bosen ngagogoreng, merangan pergerakan kabangsa an oerang. Ieu mah geus poe goeh terang, sadaja Rajat tiasa ngarti toer ngarasa.

Tapi aja deui reactie (tegen werking) noe indirect noe make djalan lemes. Pang halang ieu leuwih bahaja pikeun perge rakan kabangsaan manan noe ta di, sabab sipatna soesoeloempoe tan di noe poék, djalanna make djalan tipoe moeslihat, ichtiarna tara sieun metakeun djalan noe haram noe matak moertad, malah make misbruiken (ngaga wekeun lain dina tempatna) oa ngaroehoe agama sagala anoe meh teu katjiri, malah djigana mah teu matak naon² nja eta djalanna pokna teh make djalan neutraal. Dina theorie mah neutraal teh teu kaditoe, teu ka dieu, tapi dina praktijk djeung dina politiek mah lain deui. Koe neutralna oge geus aja indirecte tegenwerking, katoeroeg toeroeg di Tanah djadjahan mah euweuh perkara anoe neutraal.

Soerat soerat kabar Indonesia djeung Tiong Hoa dina waktoe ieu pinoeh distramin koe basa kabangsaan. Meh euweuh soerat kabar Indonesia anoe teu kitoe. Kapikireun, lamoen njieun soerat kabar anoe maksoedna torodjo gan rek ngabantras nationalisme, meureun njolok mata boentjelik teuing, moal bisa lakoe. Koema ha djalanna, nja njokot djalan noe indirect, noe diseboet neutraal tea, maksoedna mah sami mawon, satali tiga wang, sabab lamoen kabeungbas koe soerat kabar noe kitoe, noe eusina euweuh hirib hirib kana ngaboedangkeun rasa kamerdi kaan djeung kabangsaan, moal aja deui waktoena djeung moal aja deui doeitna keur matja soerat kabar kabangsaanana, dja di actiena pergerakan kabangsa an teh katahan.

Tah eta hakekatna noe djadi toedjoeanana tea mah: Eta sabab na noe matak wani ngaloearkeun modal noe gede, djeun teuing roegi, wani njieun propaganda noe gede ongkosna, wani ngaga djih personeel noe mahal, wani ngasroek make autobus djeung mobil biasa ka kampoeng-kam poeng. Tapi hadena Rajat Indo nesia waktoe ieu geus sadaar, geus njaho ngabeda keun sobat djeung moesoeh, oebar djeung ratjoen.

Tapi sakitoena deui moal bo sen bosen, ngaraosehatan ka Ra jat: „Sing awas! Idadjil teh sok bisa mangroepakeun moe'min; Setan teh sok bisa njaroe djadi malaekat." Aja pakakas baris nalingakeunana anoe tara bohong, lir oepama thermometer keur moeriang: „Iikan hoe loe wotanana!"

Marhaen.

## Indonesia

### Ti Poerwokerto.

**Paeh lantaran katinggang poetjoek tiwoe.**

Kamari ieu dina hidji sore kira taboeh genep doea boedak oerang dessa Bedji marawa arit, karepna arek maraling poetjoek tiwoe ti kebon tiwoe pikeun pa rab ingon ingonna. Sadatangna ka kebon tiwoe sanggeusna ma reunang poetjoek, anoe hidji balik tiheula, tapi ari hidji deui mah noenggoean poékna sabab sieuneun ditangkep, lamoen ka njahoan koe noe djagana.

Barang anoe hidji datang ka imahna, kolotna anoe hidji deui nanjakeun ka manehna kamana ari batoerna. Koe lantaran ieu si kolot teh tjangtjaja sabab geus poekoel sapoeloeh peuting anak na tatjan bae datang tidinja eta boedak pada narean gan, sama lah boedak anoe balik tiheula oge miloe noedoehkeun tempat na waktoe manehna tadi mara ling poetjoek tiwoe tea.

Teu sabaraha djaoehna ti tem pat eta, eta boedak kapanggih tapi kari boeangangna woengkoel. Kolotna katjida kagetna, sarta harita oge eta boedak dilapor keun ka anoe wadjib. Ieu boe dak teu waka dibawa balik sa bab ngadagoan koemisi datang. Sanggeus dikoemisi tjenah ieu boedak teh paehna lantaran la boeh, sarta katindihan poetjoek tiwoe.

**Boedak lolos.**

Koe lantaran djoeragan Soe martawiria, haltechef Patoegoe ran kaitjalan rentjangna sakoe maha anoe parantos dimoeat di na rubriek Sipatahoenan sasih poengkoer, koe emoetan moal djadi gorengna oepami ajeuna sakali deui dimoeat, margi eta boedak doegi ka ajeuna teu atjan aja bedjana dimana ma nehna nja ngandjrek.

Noeroetkeun katerangan djrg. S. andjeunna kenging wartos ti toekang waroeng oerang Tasik malaja anoe ajeuna ngawaroeng di Poerwokerto, ieu toekang wa roeng nerangkeun jen eta boe dak dina tanggal 15 Juli 1931 pa rantos njimpang kadinja sarta tjaritana manehna teh arek ma santren ka Tasikmalaja atanapi ka Indihiang, saladjengna doeka ka mana bolosna.

Pikeun ngoeningakeun tjiri-tji rina ieu boedak:

Ngarana, IDING, roepana bruin (sawo mateng), dedeg pa ngadegna djangkoeng hideung antieum, oelatna santri, oemoerna + 15 taoen, anakna Nji Ijok (Artapradja), oerang Rantjaekek, imahna deukeut boemina djoera gan A.W. Rantjaekek, beungeut na roebak, dibadjoe kampret, dikopeah, saroeng palekat, baba waanana tasch verlak hideung dieusi sawatara papakean salin, sareng boekoe-boekoe.

Koe kaajaan kieu, saha-saha anoe mendakan ieu boedak moe gi kersa masihan wartos ka Bes tuur Tjabang Pasoendan Poer wokerto.

**Tega pati lantaran teu kapilih kana Loerah.**

Dina powe Rebo di dessa Kali-Benda district Adjibarang geus di ajakeun pilihan Loerah. Anoe djadi djago kana ieu pili han Loerah aja 13 djalma, tapi sanggeusna di examen matja sareng noelis anoe djadi candidaat ditetepkeun 4 djalma, nja eta Madjasir (koeli,) Djaja (toe kang wang,) Kramasemita (oeloe oeloe) sareng hadji Abdoelgoni (koeli).

Tidinja prak didjalankeun keun pilihan sakoemaha adat biasa, sakabeh somah-somah koedoe milih sakarepna-sakarep na neundeun njere. Sanggeus beres teroes di itoeng sabaraha pameunangna ieu opat djago. Madjasir 26 njere-Djaja 16 njere Kramasemita 23 njere sareng Hadji Abdoelgoni 56 njere, dja di anoe ditetepkeun djadi Loe rah teh Hadji Abdoelgoni lan taran pang lobana meunang njere, Sarta harita teroes disala metkeun, samalah lebe bawa nlug koe soekana Hadji Abdoel goni djadi Loerah mani ngadoa nganoehoen ka Goesti noe Maha Soetji.

Ti dinja teroes diboebarkeun, sarta sakabeh somah pada bara lik dibarengan koe kagoembi raan soemawonna anoe djadi Loerah mah. Sadatangna Loerah anjar ka imahna di imah geus niampak mang pirang pirang djalma oge anoe arek njalamet keun ka Loerah anjar. Sabot ieu keur rame rame teu kanja hoan deui bet aja anoe ngadjerit tarik pisan. Djalma dj lma anoe araja di dinja, sabarang ngade oge sora anoe sakitoe tarikna teroes laloempatan ngaboeroe ka eta tempat. Ari datang bet kasampak pamadjikanana Madja sir keur tjeurik midangdam sa bab salakina tina bawaning wi rang doemeh teu kapilih kana Loerah toer era koe anak tere, sabab kaelehkeun tepi ka arek nikem maneh koe peso tikel, tapi hadena kaboeroe pada nga redjeng manten. Ari Hadji Ab doelgoni teh nja eta anak terena Madjasir.

Harita sanggeus ieu anoe arek nikem manen teu toeloes tea, pada ngaromongan koe tatangga na jen oelah kitoe, sabab sana djan manehna teu djadi Loerah oge toch saroewa bae da anak terena anoe djadi. Hadji Abdoel goni menta di hampoera ka bapa terena, tapi bapa terena teu merdoeli alias emboeng ngahampoera da bongan ngelehkeun bapa tere. Nja tepi kakitoe batoer mah geuning.

**Batina anoe getol.**

Di desa Kober aja hidji goeroe ngadji anoe katjida getolna, meh saban waktoe tara nganggoer, da eta bae oepama isoek-isoek mangkat kana gawe, balikna deui teh sok boerit. Dina hidji waktoe manehna indit ka sawah, sada tangna teroes di gawe sakoemaha adat biasa. Teu sabaraha lilana ieu goeroe naekan hidji tangkal make taradje, doeka koe naon sababna sadatangna kaloehoer koe lantaran dahan anoe disaran dean taradje tea arek potong, toengtoengna bawaning koe sieun djadi ngaragragkeun maneh ning gang kana galengan, atoeh poe goeh bae harita oge pada ngago tong sabab tjenah tjangkengna rada roeksak.

**Koemaha rasana?**

Kamari peuting kiri-kira ta boeh dalapan aja roda kira-kira dalapan siki anoe dimoeat tiwoe mangoendoeng-ngoendoeng, sar ta di palebah de Boerlaan roda anoe pangheulana sapina anoe hidji oedjoeg-oedjoeg depa bae, semoe anoe geus pajaheun pisan. Ma'loem toekang roda kalolo baanana mah teu pisan baroga rasrasan ka hewan teh. Eta sapi teroes di hantem di petjoetan sababaraha kali, tapi nadjan kitoe koe lantaran manehna ka tjida loengsena, katoeroeg-toe roeg beurat koe moeatan ti ba tan daek hoedang mah kalah ka ngedeng, taksiran bae tina bawa ning koe oenggal poé eta sapi nandangan petjoet anoe di pere senkeun ka manehna djadi geus tinggar kalongeun lamoen di djalma mah.

Koe kaajaan noe saroepa ki toe roepana bae si toekang roda geus beak pokal, sabab eta sapi teh sanadjan geus dipetjoetan atawa disepak oge teu daekeun bae hoedang nja toengtoengna diboeka tina pasanganana, harita kakara eta sapi daekeun menjat. Kadjadian anoe saroepa kieu teh lain sakali doea kali bae, tapi sering pisan, ngan bae naon sababna anoe matak kang koe sir (koesir naon bae) anoe ma tak berkepala batoe. Kahajang teh tjing atoeh sing boga rasa roemasa da sato oge teu beda ti manoesa ngan pedah teu bisa njarita bae tjara manoesa. Siga na bae sang koesir teh koe ka ajaan anoe kitoe taja deui anoe dierong lian ti boengkeuleukan oentoeng mah teu aja deui se deng anoe mere hakan djeung peke teh teu pisan dipiroesa sa kitoe mani kapanasan kahoedja nan sarta taktakna mani leijet balas moendak moeatan anoe pohara beuratna.

Koe sabab eta anoe wadjib soepados nalingakeun kana kaa jaanana koesir-koesir.

**Mareboetkeun daging bagian.**

Kamari ieu djoeragan Loerah anjar njaeta djoeragan Moesta redja Loerah desa Karangloeas ngajakeun salametan, njaeta meuntjit sapi harga f 30 tapi handjakal sapina anoe harga sa kitoe, matana bedjana tjatjad, sarta sakabeh somah pada kaba gean laoek sapi. Koe lantaran babagina si laoek teh tjenah teu rata njaeta aja anoe gede, anoe saeutik, samalah aja anoe teu kabagean pisan, dina waktoe di ajakeun Reboan njaeta koem poelan di kaloerahan dina sa Rebo sakali somah somah pada riboet njaritakeun jen ngabagi na laoek teu adil, atoeh harita oge teu poegoeh enggoning koempoelan teh, sarta teroes koe djoeroetoelis Loerah di boebarkeun.

Terhadep ka djalma anoe geus dipertjaja djadi pangasoeh, masing taliti njangasoehna sabab teu tjara 100 tahoen ka toekang ajeuna mah djalma teh lamoen dibentak tibatan moeroengkoet mah kalah ka njanggerengan.

**Djadi korban lory.**

Kamari kira wantji asar, hidji lorij di palebah kampoeng Ka rangoaangka, lantaran djalanna moedoen, loempatna kentjeng mani apoeng apoengan.

Koe lantaran kitoe, si koeli anoe toempak eta lory, oerang Bedji meureun rada salempang bisi loryna tidjoengkel atawa koemaha bae, sarta karepna lo ryna arek dierem koe soekoe, tapi njalahan, tikosewad, manch na kasesered koe lory djaoeh pisan, hadena pada noeloengan, sanadjan kitoe awakna katoet beungeutna roeksak, samalah iroengna songhak. Harita teroes di bawa ka kliniek Poerwokerto.

**Karambol.**

Kamari kira-kira sateengah satoe Njonja v.K. nitahan boe djangna mapagkeun anakna ka sakola. Gantjangna si boedjang indit toempak kareta mesin. Di djalan manehna teu loewak lieuk kaditoe kadieu tonggoj bae toempak kareta mesinna teh samaluh ditarikeun. Barang da tang ka palebah parapatan H J.S roepana manehna teu njangka jen arek datang roda ti djoeroe beulah kentja, nja toengtoengna karambol, sarta manehna kage leng koe roda. Atoeh teu woedoe bae sok komo teuing djalmana dalah karetana oge radjet. Si boedjang harita teroes di bawa ka kliniek.

**Beusi pada beusi.**

Kamari geus kadjadian di pa lebah E.M.B. di djalan pertelon aja kadjadian kareta mesin di adoe djeung mobil.

Lantaran kieu: hidji mobil anoe datangna ti beulah dieu, loempatna teu sakoemaha tarik na, waktoe harita oge datang noe toempak kareta mesin di bontjengan koe boedak. Sada tangna ka eta tempat karepna si noe toempak kareta mesin teh arek mengkol ka djalan veldpolitie, tapi si mobil kaboe roe meleteng manten, neumbrag kana kareta mesin, atoeh si boe dak anoe ngabontjeng teu koe lantaran tarikna diadoe metjleng sarta nangkod dina tihang kawat listrik, ari noe saoerang deui njangkorah di dinja, hadena teu kolejek tjatjakan lamoen kalejek meureun beres.

**Bezuiniging.**

Meunang bedja jen di Landraad Poerwokerto djeung Poer bolinggo bangsa hulpkrachten arek dileungitkeun. Lamoen enja bedja tea bener didjalan keun kitoe, karoenja teuing si hulpkrachten kamana njiloeroek na.

**Pelet**

Oepami hojong enggal madjeng peroesahaan djoeragan, kedah ti ajeuna ngalebetan advertentie PELET F 1.— sakali moeat.

## Panoehoen.

TI AFD. ADMINISTRATIE.

Soepados tiasa gampil di lereskeunana, di soehoenkeun ka sadaja para djoeragan langganan, oepami ngintoenkeun artos, diserat djeungan anoe terang sapertos anoe kaoenggel dina adresband, pang linggihan sareng nummer abonnementsna.

Kitoe deui oepami bade ngalih tempat atanapi bade liren, oge ka langganan nem be perloe diterangkeun dina strook postwissel, soepados djadi terang eta artos noe dikintoenkeun teh kangge ngartosan naon.

Langkoeng sae dimana bade ngalih (ngarobih adres) kedah ngawartosan ti awalna keneh.

ADM. SIPATAHOENAN.

# Journalisten Conferentie tea.

Dina ieu soerat kabar noe poé mangkoekna geus ditjaritakeun jen di Semarang bakal aja Journalisten Conferentie.

Ajeuna geus meunang katang toean jen eta Conferentie teh ngan woengkoel pikeun Indonesische Journalisten bae, sarta henteu ngingetkeun dina soerat kabar naon bae oge.

Noeroetkeun poetoesan Comite eta Conferentie noe geus disebarkeun koe Warna Warta, eta Conferentie teh baris diajakeunana dina tanggal 9 Augustus 1931 di Luna Theater atawa di gedong rajat Dharma Stichting. Ari agendana saperti ieu di handap :

Poé Saptoe malem Minggoe tanggal 8/9 Augustus 1931, ngajakeun receptie di gedong Mardi Siswo, woengkoel pikeun Journalisten Indonesier djeung noe dioendang bae.

Poè Minggoe tanggal 9 Augustus 1931, ngamimitian poekoel 9 isoek vergadering ngamimitian diboeka. noeroetkeun sakoemaha noe aja dina ondangan sarta di harep oelah nepi ka nolak kana pamenta noe geus ditetepkeun.

1. Moeka congres koe voorzitter Comite Djrg. R. Soedarmo redacteur uitgever Samenwerking.

2. Matja verslag noe djadi dasarna eta conferentie koe Secretaris Comite Djrg. Sarochoem.

3. Saenggeusna eta mere kalonggaran ka oetoesan oetoesan noe ngabadja dioendang pikeun ngadadarkeun anggapanana, tapi panglilana ngan 7 menit.

4. Journalist djeung kamadjoean koran koe Djrg. M. Joenoes Hoofdredacteur dagblad Bahagia Semarang.

5. Journalistiek djeung Pamarentah—wet—koe Djrg. Hadji Agoes Salim Hoofdredacteur dagblad „Mustika".

6 Journalistiek djeung rahajat koe Djrg. R. M. Soedarjo Tjokrosiswojo Redacteur Aksi Soerakarta.

7. Journalistiek djeung oemoem koe Djrg. R. Soedarmo voorzitter Comite.

8. Journalistiek djeung sociaal koe Djrg. Maradja Sajoeti Loebis, Uitgever Redacteur Dewan Djokja.

9. Journalistiek djeung pergerakan koe Djrg. Saeroen Plv. Hoofdredacteur Siang Po.

10 Journalistiek djeung economie koe Djrg. Parada Harahap Hoofdredacteur Bintang Timoer Batavia Centrum.

11. Journalistiek djeung bestuur koe Djrg. A.J.S. Soetantri Redacteur Bahagia.

12. Journalistiek djeung malaise, belasting djeung pamandangan democraat koe Djrg. Sosrokardono Hoofdredacteur Soewara Oemoem Soerabaja.

13. Nanja ka sarerea (rond vraag).

14. Ieu noe bakal ditjaritakeun teh dibagi doea, nja eta beurangna djeung peutingna. Oenggal oenggal bagian njieun motie.

15. Tanggal 10 Augustus 1931, poé Senen excursie ka Tjandi, Boroboedoer, ka Ambarawa djeung sawewengkoena Semarang.

Nendjo kana berendelan di loehoer mah, tetela pisan ieu Comite teh geus digawe noe so son sosonan pisan. Djaba ti eta perloe diterangkeun sakoer noe ditjaritakeun teh make dadasar kamanoessan.

Ari pentingna mah ieu congres teh, geus moal salah deui, komo lamoen ngingetkeun poko noe rek ditjaritakeun mah

Katjida moedjina ka noe ngatoer, ngabagina punten noe rek ditjaritakeun, enja ninggang kana ahlina pisan, sabab sanadjan koemaha bae oge, pangartina djeung bakatna Journalisten teh henteu saroea.

Ieu Congres teh, pikeun Journalisten Indonesia mah, beunang diseboetkeun congres anoe kahidji, da dina djaman noe katoekang mah tara aja. Oepama ieu congres hade boeahna moal boa tangtoe kahareupna baris aja deui congres noe saroepa kitoe teh, tapi lamoen boeahna tea gagal, lain ngan matak mika pokan bae, tapi anggoer matak mawa goreng kana kaloehoerngaranana journalistiek Indonesia

Tapi kitoena deui, pertjaja pisan, tangtoe sarerea pada ati ati soepaja hasilna tea hade.

# Indonesia

## Ti Tjikampek

**Gedong kadjadjaden**

Iboer ka oenggal lemboer, ear ka oenggal desa, madjarkeun di pasawahan desa Lemah-Abang aja gedong kadjadjaden djeung sok pipindahan, malah noe njitjinganana oge tjenah bangsa siloeman sileman.

Katarik koe eta bedja, noe noelis panasaran indit njidikkeun ana breh teh tida koerang tida lebih „saoeng chemah", ngan dibangoenkeun saperti imah, paranti hidji Walanda ngekeran taneuh neangan liang minjak taneuh. Horeng ari omong djalma geus roepa roepa bae.

**Koedoe disjaan.**

Geus djadi kabiasaan, di oenggal halteu kareta api sok di ajaan tempat paranti kahampangan.

Tapi di Wadas ti barang ngadeg halteu, nepi ka kiwari tatjan diajaan tempat kahampangan atoeh djalma noe rek toempak kareta api oge, ari pareng hajang kahampangan, sok dapon nagog bae, nadjan deukeut ka halteu oge.

Pikeun ngadjaga kasopanan djeung kasehatan, perloe noe wadjib ngajaan tempat kahampangan.

**Koeboeran djal madikali deui**

Rebo toekang, dirg. Wadana Tjikampek, djrg. Tjamat Talagasari, Dokter ti Krawang katoet politie politie noe sedjen, geus soemping ka desa Lemah Abang maksoedna rek ngali koeboeranana ngaran Saiman oerang lemboer Leuweungmalang desa L. Abang.

Doea poeloeh poè katoekang Saiman geus dipatjok oraj si rahna nepi ga adjalna. Tapi sa terangna maotna Saiman teh lain dipatjok oraj tapi diteunggeul koe ngaran Elon, batoerna keneh.

Elon ditangkep sarta ngakoe teroes terang kana dosana. Pa pariksaan Dokter dina sirahna, sirahna Saiman sabeulah kitoe hoe loehoereun tjeuli remek, jakin jen oeroet diteunggeul.

Ajeuna Elon geus dipreventief; noenggoe poetoesan hakim.

**Lemah-Abang harengheng.**

Lamoen noe djadi menak henteu pati ati-ati djeung goemati, koerang pati malire (ngoeroeskeun) kana kaboetoehna, kahajangna, djeung kasoesahna somah, henteu meunang henteu salawasna tangtoe rea pisan panjerewedan.

Tjara ajeuna di Lemah—Abang, rea pisan panjerewedan, lamoen somah boga oeroesan naon naon, atawa aja hal hal noe penting teh, saloempatna sok ka loehoer bae, atawa moen teu kitoe sok koe djalan soerat anoniem, da pamikirna nadjan aja pangoeroes oge, teu pati daek ngoeroeskeun.—

Satoengtoeng noe djadi pangoeroesna tatjan bisa ngahadean kakalikroeanana, djigana panjerewedan mah moal leungit, sabab somah ajeuna, lain tjara somah baheula, ari ajeuna mah geus barentata, geus ngalarti, geus njaho dirasa adil djeung teu adil, djadi henteu beunang dibobodo.—

(Karna.)

## Ti Pamanoekan en Tjiasemlanden.

**Gandjaran noe lampah salingkoeh.**

Saboeng asal oerang Tamboen ngoembara di kampoeng Batawi o/d Paboearan (Pagaden) entjan sabaraha lilana geus digotong ka Roemah sakit Soekamandi, lantaran aja noe neunggeulan.

Ari sabab sababna mah kieu;

Saboeng waktoe rek njaba ka lemboer Paboearan di djalan geus dipegat koe 1 djalma, anoe henteu antaparah deui bol bol djekok djekok bae neunggeulan make roejoeng anoe di bangoen bedog, keuna kana beuteungna, biwirna sapat, tjeulina rampoeng djeung sabagian sirahna ratja, oge leungeuna doeanana tatoe, roepana oeroet nakisan paneung geulna tea.

Anoe tas neunggeulan teroes loempat bebedja ka Assistent Wedana Paboearan jen tas neunggeulan ngaran Saboeng. Anoe tjilaka digotong ka Roemah sakit Soekamandi, pangna diteunggeulan mah bongan Saboeng geus wani wani njieun lampah salingkoeh djeung pamadjikan anoe neunggeulan.

Kitoe gandjaranana anoe sok daek lampah salingkoeh djeung pamadjikan batoer teh.

**Bombay contra Indonesier.**

Chauffeur Taxi ngaran Ijar geus datang ka roemah sakit Soekamandi menta dioebaran lantaran geus dipergasa koe panoempangna bangsa Bombay, tatoe dina sirahna ngagaraleng

Asal-moeasalna kieu;

Ijar ti Tjiasem geus narik eta Bombay anoe tambanganana geus adoe rega ti heula nja eta saketip, barang datang ka Soekamandi Bombay mere doeit talen dipoelangan, tapi koe lantaran di Chauffeur henteu aja doeit retjeh kapaksa dibere heula saketip sarta njarita rek ditoekeurkeun heula, barang Ijar indit samaroek si Bombay mah rek dikatjroedkeun anoe 5 sen deui, henteu antapara deui bol-bol djebot bae njabok ti toekang kana sirahna, sarta teroes didjedjek, roepana sang Chauffuur pandjang ingetan si moesoeh njieun peta kitoe teh henteu dilawan, teroes loempat ka Tangsi Veld politie menta dioeroeskeun, kadjadian eta Bombay digiring ka Tangsi Veld politie, sang chauffeur kapaksa koedoe dioebaran di Roemah sakit.

**Monjet kapalingan djagong.**

3 Veld politie ti Kazerne Soekamandi, waktoe ngaronda ka kampoeng Nambo desa Rantjabango o/d Tjiasem (Pamanoekan) kareta mesinna ditoenda di djalan, pamikirna moal aja noe wanieun beureuj doemeh ka Veld politie. Tapi barang balik deui ti pangrondaan tiloeanana ngarasa kaget doemeh fietna henteu aja 1, anoe leungit anoe di teundeun di tengah bogana veld politie ngaran Kartaredja, anoe tangtoe bae Mas Kartaredja ngarasa ambek bin djengkel, tjatjakan lamoen kapanggih anoe daek tjetjeremed na doeka di koemahakeun.

'Roepana eta dj lma anoe malingna geus kaliwat nekad, heuteu pilih anoe saha bae, djangdji bongoh tangtoe disamberna. Toekang nangkep kapalingan saroea djeung monjet kapalingan djagong.

**Vergadering henteu dipisoeka?**

Koempoelan Moenarawatoel Islamiah anoe tatjan sabaraha lilana diadegkeun di Soekamandi (Pamanoekan) dina malem Djoemaah geus ngajakeun openbare vergadering, anoe daratang henteu woedoe oge aja kana 90 oerangna. Katjida ngarasa handjakalna lantaran entjan tamat spreker medarkeun pamandanganana geus naroengtoet anoe ngarioeng teh maroelih, oge anoe pang anehna deui, koe lantaran di Societeit teh disadiakeun gamelan, paranti aja ka perloean Onderneming, di antara anoe ngarioeng kolojong aja saoerang asoep ka kamar gamelan, sateroesna make nabeuh goong naon naon, mangkaning anoe keur ditjarioskeun dina eta vergadering teh oeroesan hal agama, ieu ngahaminan koe goong. Djeung anehna deui leden kakara aja 80 oerang, kahajang spreker kabeh koedoe djadi Bestuur, ngabenoem Commissarissen woengkoel aja 64 oerang, ari petana ngabenoem henteu badami djeung anoe baris di djenengkeunana anoe tangtoe dina prak prakanana teh loba anoe nolak, oge anoe djadi sprekerna enggoning ngemoefakatkeunana teh lain ka vergadering, tapi ditoedjoel ka 1 djalma bae. Roepana vergadering noe matak naroengtoet baralik, doemeh ngarasa henteu ngeunah diseboet vergadering ari ngamoefakatkeun ka saoerang bae.

**Vergadering ka elehkeun koe Kotoprak.**

Waktoe Pasoendan tjabang Pamanoekan rek ngajakeun Leden vergadering, kabeneran peuting eta teh geus aja tongtonan Kotoprak di Kawadanan Pamanoekan, roepana bae leden ti nimbang merloekeun koempoelan mah kalah merloekeun laladjo kotoprak, malah sabagian Bestuurna oge idem keneh, ari di seleksek ka Djoeragan Bestuur anoe ngadineskeun laladjo batan kana koempoelan, madjarkeun doemeh aja pangondangna ti Djoeragan Wadana. (?)

Kahareupna mah tjing Djoeragan djoeragan aja ka doea mere nasehat ka leden anoe tjan pati ngarti kaperloeanana koempoelan, atoeh anoe djadi Djoeragan Besturna oelah naa bogaan hate bengbatan. Bestuur djeung lid anoe satia nadjan da ratang oge, roepana lantaran henteu njoemponan kana koedoena (salina koempoelan) kapaksa maroelih deui bae. Emoetkeun kanggo kapsjoenna !!!

**Medal sila**

Dina Sipatahoenan parantos didadarkeun jen djrg. Djajadibrata adjunt Bank afd. Pamanoekan, tina djadi Voorzitter koempoelan Loemboeng desa (Cooperatie pare somah) geus medal sila lantaran henteu dipisoeka koe anoe djadi doenoenganana. Ajeuna Secretaris Pasoendan tjabang Pamanoekan geus narima soerat nja eta ti djrg. Djajadibrata, andjeunna tina lid Pasoendan sareng tina Directeur verbruik Cooperatie njoehoenkeun liren deui bae, oge anoe djadi alesan noemoetkeun seratna mah madjarkeun doenoengan henteu resepeun doemeh djadi lid Pasoendan, djeung pangoeroes eta verbruik Cooperatie. Lamoen enja kitoe anoe djadi alesan tangtoe bestuur Pasoendan Pamanoekan moal tjitjingeun bisa nanja ka noe djadi Hoofd Bestuurna, naha enja ponggawa Bank henteu meunang djadi lid Pasoendan? katjoeali lamoen aja pasal sedjen. Oerang arep arep bae soegan aja manah kaping boeri ngaroedjoe deui ka Pasoendan, lantaran djasa djrg. Djajadibrata teh parantos karaos koe Pasoendan tjabang Pamanoekan.

(Djadja)

—o—

## Ti Madjenang.

**Autobus contra delman.**

Poé Saptoe kamari kira kira djam sapoeloeh, di lebah sasak Tjidjaloe geus aja katjilakaan, autobus anoe rek ka Tasikmalaja diadoe djeung delman.

Noeroetkeun tjarita mah anoe salah teh delman, lantaran bus geus asoep kana eta sasak teh, ari delman njerempeng bae, roepana teu beunang ditahan. Delman pedjet, lantaran djaba ti katoebroek autobus teh oge diadoe djeung loneng (tembok) eta sasak. Koesirna tatoe, malah harita keneh oge teroes di bawa ka poliklinieк Madjenang. Ti pihak autobus hadena teu aja noe tjilaka.

**Anak saha?**

Di Madjenang aja boedak lalaki oemoer genep taoen, teu karoehan indoeng bapana, datangna ka dinja oge taja noe nganjahoankeun koemaha. Noeroetkeun bedja mah eta boedak teh oerang Manondjaja, ngan bener henteuna teu bisa ditetepkeun. Nepi ka ajeuna eta boedak teh masih keneh aja di noe ngoekoet, pareng aja noe hoat daek ditjitjingan.

Saha noe boga boedak leungit? (Tonggeret)


**Seratkeun !**

Dina bade ngintoekeun artos No. 'Abonne (langganan) dina strook postwissel.

Adm.


# Priangan

## Tasikmalaja.

**Rasiah karaton Radja Sepanjol.**

Ieu lalakon njaritakeun Maritana, hidji parawan toekang tembang anoe kasohor di ieu nagara. Manehna dipikahojong koe Radja Sepanjol di dajeuh Madrid, tapi katjida hese belekena, kawantoe radja tea, moal hade pagaliwota djeung somah. Tina teu koeat nahan kabirahian, toer dibantoe koe hidji Kardinal, nja Radja teh baris laksana kersana.

Tjarita noe leuwih pandjang mending maos boekoena bae, mangga tingalian advertentiena dina bagian sanes.

Redaksi noehoen kana kintoenan.

**Pesta H.I.S. Pasoendan II**

Poè Minggoe kamari di H.I.S. Pasoendan ka II di Tjipedes (Tasikmalaja) geus diajakeun pesta anoe kaitoeng reme oge.

Langkoeng paos tingalina dina Rubriek ATIKAN.

**Ngaronda atawa ngaranda?**

Dina malem Senen tanggal 13 boelan ieu Oepas distris T. ng ran P. geus datang ka imah na Nji Ílah, maksoedna biasa bae adat lalaki tjoenihin ka awewe ibarat oetjing kana paisan.

Ngan hadena harita Soekarma (salakina) eta awewe keur aja, atoeh maksoedna teu koengsi bisa laksana, ngan saoekoer ieu Mas Oepas noe aneh teh meunang dakwaan ti salakina eta awewe, da harita oge teroes di raport ka Loerah dessa eta.

Hajang ngadedengekeun, koemaha poetoesanana ieu dakwaan, terhadep kanoe didakwana ?

**Kaajaan pasar dessa Tjikatomas.**

Tjek noe mawa bedja, magah Mas Poera Oepas district Tjikatomas djeung Loerahna, geus babadamian koemaha akalna sangkan beubeunangan sewaan ieu pasar aja kamadjoeanana. Ngan handjakal bet make diimplik implikan koe moendoet pe resen 10 pCnt tina beubeunangan saban saban pasar, kitoe petana teh tjenah ti taoen 30 keneh.

Lamoen enja ieu bedja, perloe noe wadjib di eta district maripih kana ieu kaajaan, da lamoen diitoeng mah lain saeutik ngoerangkeunana kana kaajaan kas dessa noe tina beubeunangan sewa pasar, oepamana: sapasar meunang f 7. geus njandak f0,70, saboelan oepama direken 3 pasar bae, njandakna geus f2,10 sataoen 12Xf2,10=f25,20 lain saeutik doeit sakitoe lamoen aja di kas dessa, tangtoe djadi kapeuringan noe aja harganа.

**Cursus Goeroe dessa di Tjikatomas rek eureun?**

Tjek noe njarita Cursus Goeroe desa di Tjikatomas ajeuna geus dieureunan.

Lamoen enja ieu bedja, naha pikeun sateroesna rek dieureunanana teh atawa sawatara waktoe bae? Djeung noe matak di eureunan kieu teh naon noe djadi sabab, naha patali djeung ajana djaman tigerat atawa koerang pimoerideunana ?

**Tjita-tjita noe merenah.**

Hidji djalma noe datang ka koering njarita, magah doemeh Idharoe Biatil Moeloeki Wal Oemaro di Tasikmalaja rek ngajakeun conferentie dina boelan engke noe tanggal, moen bisa mah koering hajang nawar ka Voorzitterna tina eta pagoejoeban, soepaja agendana ditambahan koe njaritakeun kaajaan pagoedjroedan di Tripoli terhadep ka oemat Islam diditoe, sarta noe njaritana koedoe salahsahidji Bestuurslid tina eta pagoejoeban. Malah kawasna leuwih hade lamoen protes kana eta kadjadian, noeroetkeun saperti pagoejoeban pagoejoeban kaom Islam di tempat sedjen. (Soka).

—o—

## Ti Tjiamis.

**Karamat Tjihaseupan pindah ka Semboengroegoel.**

Dina Sip. toekang diwawarkeun, jen di Tjihaseupan ond-Tjisaga (Tjiamis) aja balong 7 sok diparake mandi, lantaran aja karamatna tjenah.


# Dipilari

Tiloe goeroe kaloearan Kweekschool pikeun djadi goeroe sakola Pasoendan di Poerwakarta 1, di Tjilimoes 1 sareng Bogor 1.

Soerat lamaran diadreskeun

—:— Bestuur —:

Bale Pamoelangan Pasoend

P/A

Djrg. AHMAD ATMAD

— Tasikmalaja.


Tapi anjar-anjar ieu, eta p mandian geus tjambal sarta p dah ka balong di kp. Semboe roegoel (Tjisaga).

Tjek bedja di Semboengro goel oge moal lila, lantaran r pindah deui ka Soemoer Ba doeng anoe pernahna di k Kresek desa Soekamenak on Bodjong (Tjiamis), malah ka mat anoe di waloengan Tjim moet (Tjiamis) nja ka dic (Soemoer Bandoeng) baris pi dahna, ngahidji djeung karam noe ti Tjisaga.

Eta doea karamat di Soemo Bandoengna moal lila, baris rindah ka Tjitegoeh Tjikahoe pan ajana di Bodjong Galo (Karangkamoelihan) Tjiamis.

Noe teu pertjaja teu koed pertjaja lantaran eta teh ng pikeun noe pertjaja kana tac joel woengkoel.

**Kapalinga**

Atjan sakoemaha lilana, hid Tionghoa ngaran Tjong A W oerang Bodjong (Tjiamis) ge kapalingan beusi 2 potong har f 20.—

Bangsatna ngaran Artaprad oerang dinja keneh (Bodjon geus katangkep.

**Garagarana hese doeit.**

Di pakampoengan mah, di waktoe ieu, sigana koela-koe sapoé hajang meunang saket oge katjida hesena.

Di kampoeng Tjikawoer ond. Bodjong [Tjiamis] geus a kadjadian, oepama moerochkeu ngapoet badjoe, saroeng, en henteu koe doeit, tapi koe bea

Ngapoet saroeng koe be sakobok, ari kabaja mah do kohok.

Gara-garana hese doeit!

**Djantoeng anel**

Poé kamari di kp. Lemboe balong (Tjiamis) geus aja kad dian noe matak ngagetkeun o rang kp. eta (Lemboerbalong ari lantaranana di sisi waloeng Tjimemen geus ngadadak a djantoeng bidjil ti djero taneu (saperti soepa djadi).

Ieu kadjadian dideugdeug ko kapala desa (Koewoe) sarta tah soepaja eta djantoeng dikal

Kira geus sasikoe djeron kapanggih aja tangkal tjaoe (g bog) malang, sigana waktoe nj eun eta solokan (wantoe atja sakoemaha lilana) geus aja tan kol tjaoe (anoe direbahkeun kakoeboer di dinja.

**Abong keur tigera**

Koe tarikna tigerat ajeuna la barang djeung doeit bae ano digondol koe bangsat teh, ta katoet ka beas oge bogana H dji Koerdi oerang desa Lingga sari (Tjiamis) geus aja noe m ling.

Bangsatna ngaran Sanloem djeung Salmita oerang desa Tji amis geus katangkep.

Aja deui Moestamad djeun Arta oerang desa Maleber geu maling goerame ti balongna So warta oerang dinja (Maleber keneh.

Tigerat ajeuna loba noe nekad

**Geus nambahan deui.**

Dina Sip. kamari geus ditj ritakeun, anoe ngoeboer maj ieu lapor di bawahan ond. Tj koneng (Tjiamis) aja 20 djalma

Kamari geus aja deui, Djaja winata oerang desa Koedjang Onderdistrict Tjikoneng (Tjiamis lantaran ngoeboer anakna hentei lapor ajeuna geus ditangke koe politie.

# TI PIPIR HAWOE

BISLOEIT PEPETASAN.

Korawa, korawa! Abah teh nanggoeng pala tjidra, mani asa dosa, lantaranana eta Abah teh teu nohonan kana djangdji. Koemaha atoeh da Abah teh keur meudjeuhna loba gawe, itoe tea, ieu tea, mani teu kaampeuh.

Ari lalahar Abah mah geus kolot, deuleu koerang awas, ieu ngeun geus ngadegdeg, ngan denge noe mentjraug keneh teh Baroedak! Geuning kamari ieu Abah, djangdji dimana geus aloes saatna rek ngadadar bisloeit anoe lima ratoes roepia teh. Inget keneh maraneh kana djangdji Abah?

— O . . . soemoehoen Abah, anoe disoendoet njeak tea, ting borobot?

— Heueuh njeta. Tapi ajeuna Abah teh kapiheulaan koe kabar ti Aneta, geus rapang dina Java Bode oge.

Ari saenjana mah baroedak, Abah teh rada kareenja rek di geplakkeun ngaranna teh, sabab bisi koemaonam kana dirina. Tapi ari ajeuna mani dina kabar baroer mah mani diberendelkeun tempatna, ngaranna, mani etjes.

— Di mana Bah eta kadjadian teh?

— Lahhh . . . . maraneh mah make tatanja deui, noe kitoe mah moal ti mana djolna, ngan . . . . ti Tjiandjoer, da di dieu mah tina sagala roepa oge djadi pabrikna. Meuli naon oge moal teu diladangan, da warni warni atoeh.

— Bo . . . . nja katalandjoeran Tjiandjoer mah, nja Bah?

— Lain katalandjoeran eta mah, moedjoer, sagala n j o n d o n g; geura djig maneh arin dit katoeh, lamoen teu rebo . . . . montong diseboet Abah. Kapan Abah oge, tjatjakan tara ka mana mana, pada ngalanteuran.

— Na koemaha Bah oenina eta bedja teh?

Kieu tjenah, geura dengekeun:

Di kampoeng padjinan Tjiandjoer geus goedjroed oge lakkeun babah Leknan noe katelah Tji Beu Poh, sabab geus njieun lakoe tjoerang.

Tina perkara ieu geus di pariksa koe noe wadjib, nja eta Toean Assistent

Demi doedoekna perkara kieu:

Babah Tjie sebagai Leknan geus ngabedja bedjakeun jen idinan ngadjoeal meretjon teh, koe bestuur rek ditangtoekeun lobana, moal sing saha noe menta bae.

Koe lantaran kitoe loba pisan soedagar soedagar Tionghoa anoe geus datang ka babah Leknan soepaja ditoeloeng tina perkara eta, tapi henteu pertjoema, karana boeroeh aja noe f 200 aja noe f 300. Malah Abah mah ngadenge teh f 500; anoe rek mere saratoes ringgit teu di tampa bedjana, tapi teu njaho teuing enja henteuna mah.

Tjenah, sanggeusna eta doeit asoep kana sakoe, teu bedjateu tjarita, idinan mah ambleng bae.

Boekti boekti djeung katrangan katrangan tina perkara ieu geus tjoekoep, sarta geus aja di tangan toean Assistent.

Tapi aneh pisan, barang geus datang ka ieu gegeden, entjek entjek anoe mangadoe teh tarik kombali, tjenah, mere doeit teh mihape nitah majar hoetang.

Hal ieu tangtoe toean Assistent moal pertjajaeun, sarta moal salah deui eta entjek entjek dikokolakeun koe roepa roepa akal soepaja kitoe pangakoeanana, tapi boeboehan kapala adil, teroes dibeledig, nepi ka tetep deui perdawaanana.

— Nja barisa Bah, maraeo kongkalingkongna teh, mani tjara ajang ajang goeng, goeng goongna rame

— Euh . . . . . djang, koemaha tedak dina palebah dinjana mah, djoepit djepit roewat rawel.

— Koemaha kinten kinten Abah, naha beubeunanganana (ladang) bibisloeitan teh dineng goj koe sorangan bae.

— Bo . . . . . soesah ngadjawabna baroedak, ari pertanjaan kitoe mah. Ngan bae ari noeroetkeun patangan Abah djiga moal sorangan ieu perkara teh, sageuj euweuh batoerna sabab ari bisloeit tea koedoe didjieun, koedoe diatoer. Ngatoerna, ngidinna djeung noe ngidinan aja toekangna. Lamoen Abah djadi poelisi atawa djadi Assistent, tangtoe Abah mah mariksa djaoeh. Sageuj doeit reboean didekeun koe sorangan, kadjaba lamoen eta noe boga dosa hawek na laear biasa.

— Soemoehoen Bah, lamoen noeroetkeun galagat Soeria Maleber mah, djiga parigi ditjoektjroekna teh. Saemawona lamoen Leknan loba saatna mah.

Pogoeh bae djang loba mah, sakoeriling boengking tiek bedja mah.

Malah dina taoen toekang mah aja harewas-harewos model, tapi model soteh tjeuk oerang da ari di dinja mah biasa saari-ari.

Tjing, tjing. . . . Bah harewoskeun deui bae atoeh, da abdi oge moal loba omong.

Ari ngaharewoskeun mah teu aja halangnana moenggoeh di Abah, da ngaranna oge bedja, ari bedja tea . . . . ngarana oge bedja, aja bener, aja henteu Ngan lamoen hajang sidik enja bohongna koedoe dipariksa koe noe wadjib mariksa. Djadi oerang mah teu koedoe roesoeh roesoeh ngandel masing model sapoeloeh model oge.

Ari tjek bedja mah dina taoen toekang eta Babah Leknan geus indit ka Batawi meuli serpis, teu njao serpis naon, ngan bae tjenah keur ngagantian serpis peupeus anoe dipake pesta.

Pesta naon Bah, djeung doeitna eta teh?

Pesta tadah tjah, Doeitna mah njao teuing doeit saha, njao doeit dines njao doeit hakoeleh.

Samborong Bah!!

Hs . . . . . bisi kadenge koe tjaktjak!!

ABAH.

---

## Ti Bandoeng.

**Journalistiek.**

Toean Ch. Tan Hoofdredacteur soerat kabar Kiauw Po noe dikaloearkeun di Bandoeng, mangkoekna geus ngalesotkeun pagaweanana, tjek bedja lantaran pabentar toedjoean djeung noe ngaloearkeunnana eta soerat kabar.

Koe eureunna toean Ch. Tan aja deui lid redactie noe sedjen, noe marenta eureun. Saha pigantieunana ieu Journalist henteu atjan aja bedjana.

**Loepoet henteu beunang.**

Henteu atjan sakoemaha lilana kira poekoel 2 peuting di Gang Doerman kana hidji imah Indonesier geus kadatangan doea pendjahat noe rek ngabongkar. Sabot ieu doea pendjahat keur ngadjalankeun pagaweanana kanjahoan koe Rechercheur noe kabeneran datang ka lebah dinja. Barang ieu bangsat rek ditangkep, manehna henteu boeroeboeroe pasrah tapi sakedah polah ngalawan heula, koe sabab Kang Rechercheur ngarasa hariwang bisi eleh, manehna njaboet pestolna sarta dibedilkeun ka loehoer pikeun nilngsieunan soepaja si pendjahat tea masrahkeun dirina.

Saenggeusna ngabeledag sora pestol, doea pendjahat tea toeloej metakeun langkah sareboe, ngabetjir sataker tanagana. Di kepoeng koe oerang kampoeng eta, tapi loepoet nepi ka isoek henteu katangkep.

**Goeroe-goeroe Kaoetamaan Istri School.**

Ngantet djeung ajana oesoem tigerat, lain ngan pamarentah bae noe ngajakeun atoeran „ngeu reut mitjeun" teh. Tapi School vereeniging oge ngajakeun eta atoeran. Engke mimiti ti tanggal 1 Augustus 1931, goeroegoeroe di sakola noe diseboet tjikeneh gadjihna baris dipotongan 5% oenggal boelan. Djaba ti eta, geus aja bedjana ti ajeuna, engke mimiti 1 Januari 1932, eta potongan teh djadi 10 pct.

**Didakwa ngadoeroek imah.**

Dina ieu soerat kabar geus ditjaritakeun, jen henteu atjan sakoemaha lilana di Rantjaekek aja kahoeroean noe henteu bisa diseboet leutik. Ieu kahoeroean teh noeroetkeun sangkaan tangtoe koe pagaweanana djelema djahat.

Ajeuna politie geus bisa nangkep pendjahatna, nja eta ngaran Sawang djeung Arba oerang onderdistrict djeung desa eta keneh. Dina papariksaan ieu djelema ngakoe jen dititah koe doenoenganana ngaran Adipradja oeroet Loerah di Rantja ekek. Koe sabab eta, ajeuna eta Ex Loerah oge ditangkep sarta ditahan.

Adipradja djeung Arba teh kakara kaloear tina hoekoeman lantaran geus ngalampahkeun kadjahatan, ajeuna ditarangkep deui lantaran didakwa ngadoeroek imah.

Saenggeusna Adipradja aja dina tahanan, tjek bedja mah rea pisan pangadoean somah oerang dinja, noe ngarasa geus diteungteulaganan koe eta oeroet Loerah tea.

—o—

## Ti Soekaboemi.

**Sakola Pasoendan Soekaboemi.**

Dina soerat kabar Galih Pakoean parantos aja noe njebat sakola Pasoendan „reparatie-school" alias sakola bengkel. Boektina aja baroedak anoe ta dina di sakola Goepernemen geus teu madjoe, sanggeus „tatamba" di sakola Pasoendan, bisa ditarima deui di sakola Goeperemen. Noe kitoe mah sajaktosna teu pati aneh, da woengkoel „dibengkel", hartosna oekoer n g o m e a n.

Aja deui noe langkoeng moher ti eta. Ieu mah istoe boeatan sakola Pasoendan sorangan, hartosna bogana pangarti teh woengkoel ti Pasoendan.

Hidji boedak moerid klas 1 H.I.S. Pasoendan, naek ka klas 2. Dipindahkeun ti 1 Juli ka 2e. H. I. S. Goepernemen. Saparantos ditjobi di klas 2, tiasa tetep di klas eta, malah saoer goeroena kaasoep ka noe pang madjoena.

Hidji deui boedak awewe, moerid klas 1 Schakelschool, naek ka klas 2. Koe sepoehna dilebetkeun ka H.S.S. Goepernemen no. 2 di Soekaboemi keneh. Ditjobi di klas 3 [noe moetkeun leerpian kedah tiasa miloe di adjar di klas 3 H.S.S.) Ajeuna saparantos ± 2 minggoe di klas 3na, kapala sakola (Toean Sandee), moetoeskeun jen eta boedak, la[illegible] bae bisa tetep di klas 3, tapi dianggap tjoekoep pikeun miloe diadjar di klas 4, sareng teras ditaekkeun ka klas 4.

Di dieu perloe oge diterangkeun, jen boedak noe kaseboet bieu teh di Pasoendanana teu kaasoep boedak noe pinter, oekoer sedeng bae.

Pikeun noe djadi goeroena, kadjadian kadjadian saroepa kitoe teh kirang raos, margi sakolana saolah olah dianggap [didjieun] „doorgangschool" alias djalan pikeun meunang tempat di Goepernemen.

**Terlaloe**

Tanggal 16 boelan ieu, di hareupeun sakola Neutrale H.I.S. sareng H.C.S. di Soekaboemi, rea djelema areureun. Ari mana horeng pedah di sisi djalan gede aja toelisan kieu dina bor: „C h a b a r p e n t i n g"!

Moelai dari sekarang, goeroe goeroe dari ini sekolah: „Jang boekan orang Belanda, soedah diganti dengan goeroe Belanda jang berdiploma Mulo dan banjak berpendapetan. Kini semoea goeroe goeroe jang sopan dan terpilih. enz."

Leuh, na, asana teh, mani ieu aing. Naga kasopanan teh djadi monopolie bangsa Walanda? Notabone, noe bogana eta sakola teh 1 Oerang Batak.

**Klein Ambtenaars Examen di Soekaboemi.**

Noeroetkeun soerat ideran ti Resident Soekaboemi, dina tanggal 20 boelan ieu di Soekaboemi baris aja examen K. E. tempatna di 1e. Europ. School.

Secretaris Resident prantos maparin katerangan ka 1 goeroe Avond Cursus Pasoendan, jen ieu examen teh bisa djadi examen noe panoetoep. Pikeun saheulaanan (taoen taoen ieu) moal ngajakeun deui examen K. E.

Noeroetkeun kabiasaan examen K. E. teh sok dina boelan December. Kelas pangloehoerna (klas 4) cursus K. E. noe Pasoendan karek 4 boelan lilana (ti Maart nepi ka Juni). Anoe tangtoe tea dina waktoe noe sakitoe teh moal tiasa tjatjap pangadjaranana. Tapi Pasoendan teu boeroeng, bisa mere ± 6 examinandi. Oerang dagoan koemaha boeahna. Moegi moegi sing hasil.

**Atoeran a' Land kas Soekaboemi terhadep kapangsioenan priboemi.**

Tanggal 1 tanggal 2 oenggal boelan waktoena gadjihan djeung nampa pangsioen. Oenggal-oenggal djalma noe rek njokot pangsioen diwadjibkeun koedoe njokot heula kaleng noe dinomeran, noe geus disadiakeun di dinja. Maksoedna mah hade, sangkan beres. Tapi oroka ja ngabagikeunana kartjis (nomer tea), bet beurat sabeulah.

Nomerna eta kaleng teh, nomer teroes, ti nomer 1 nepi ka ratoes. Kaleng-kaleng noe ti nomer 1 nepi ka saratoes disadiakeun pikeun bangsa Eropa, ari noe ti 100 ka loehoer keur „inlander" tjenah.

Djadi nadjan bangsa priboemi noe datangna ti heula ge [pang heulana], loepoet moal kaladenan isoek-isoek, sabab koedoe noenggoe beresna pangsioenan Walanda bae.

Ari kahajang teh tong teuing pilih boeloe, da saroea pada majar padjeg ieuh.

**Miss Riboet.**

Ti tanggal 22 boelan ieu opera noe kaseboet di loehoer baris mintonkeun kabisana di Soekaboemi: Sakieu oesoem meleset teh aja-aja bae. (Si Toelak.)

---

## Koropak

**Djrg. E. Noer'asih Batavia Centrum.**

Kekengingan lijst No. 91 sareng lijstna katampi.

Hatoer noehoen.

—o—

**Djrg. Achmad Sobandi Garoet.**

Idem lijst No. 22.

—o—

**Djrg. E. Soewitaatmadja Tjibalong.**

Idem lijst No. 19.

---

## Atikan

### Mestakeun moerid H. I. S. Pasoendan ka II. Tasikmalaja.

Dina ieu soerat kabar geus ditjaritakeun jen Schoolbestuur Pasoendan, baris ngajakeun saeutik karameen pikeun mestakeun moerid moerid H.I.S. Pasoendan noe ka II. noe anjar keneh pisan diboekana, di Tasikmalaja.

Ti isoek isoek keneh di Clubhuis Pasoendan geus ngalioed noe rek miloe iring iringan ti Clubhuis ka H. I. S. Pasoendan ka II. di Tjipedes.

Henteu koerang ti 300 delman djeung sado, dina poé eta noe marake bandera bodas sarta make aksara beureum „H.I.S Pasoendan".

Mingkin beurang noe rek miloe iring iringan mingkin rea bae, kolot boedak awewe lalaki malah ari rereana mah kadjaba ti moerid moerid sakola Pasoendan teh, ditambahan koe kolotkolotna baroedak noe ngahadja ngalanteurkeun bae.

Saenggeusna barisan tarapti distoerna, noe panghareupna stryk orkest moerid Mulo Pasoendan, ditema koe moeridmoerid H.I.S. Pasoendan ka II. ditema deui koe moerid H.I.S. Pasoendan ka I. ditema deui kop moerid moerid Mulo Pasoendan. noe pangpandeurina kolot kolotna moerid tea djeung sawatara leden Pasoendan pang toekangna ditabeuhan ogel.

Beledoeg njeungeut bom sakali, noe iring iringan madjoe, sapandjang djalan ronghok anoe laladjo, noe iring iringan nja kitoe deui noe laladjona semoe noe saroeka boengah pisan. Di djalan baroedak teu eureun eureun soesoerakan.

Henteu sakoemaha lilana geus nepi ka noe didjoegdjoeg, nja eta H.I.S. Pasoendan ka II tea, dipapagkeun koe sora bom noe nambahan kana kagoembiraan, sarta saenggeusna tarapti noe dariaek noe narangtoeng baroedak H.I.S. Pasoendan ka II terembang lagoe Paron, noe maksoedna nembongkeun kaboengahan, Pasoendan geus moeka deui H.I.S. anjar. Ti dinja ditema koe voorzitter Bale Pamoelangan Pasoendan Djrg. Ahmad Atmadja, miwoelang ka baroedak tea:

„Moega moega sakabeh baroedak noe sakola di dieu, masing getol kana diadjar, sing balageur, sing tjalageur, soepaja tereh pinter. Ieu sakola teh henteu aja bedana djeung H.I.S Pasoendan ka I noe di Kebon tiwoe. Bedana teh di dieu mah make korsi djeung medja, siga djelema noe geus galede bae.

Kabeh koedoe noeroet kana papatahna noe djadi goeroe!

Poma pisan oelah rek leutik hate, bisi bae aja noe mojokan, sakolana oge henteu aloes, keun bae noe mojokan kitoe mah, da oerang teh henteu ngarah aloes sakolana, tapi ngarah kapinteranana."

Djrg. Ahmad Atmadja njarios ka sepoeh sepoeh moerid:

„Hatoer noehoen ka sadajana noe saroemping, anoe sakitoe merloekeunana ngeujeub ngeujeub kana ieu karamean baroedak. Sakawitna mah moal ngajakeun soekan soekan tjara ajeuna ma'loem keur oesoem sakieu ti geratna, nanging koe margi hajang njoekakeun ka baroedak, sanadjan heureut pakeun koerang bahan oge, teu boeroeng hajang ngajakeun pesta saoadjan leuleutikan oge. Ieu teh sajaktosna mah sanes pesta moeka sakola, da diboekana mah parantos, moeng ieu mah kangge njoekakeun ka baroedak bae. Sakawitna hajang ngondangan ka sadaja gegeden pangagoeng nanging da ieu mah mestakeun boedak, engke bae ari pesta enjaanana mah di mana parantos ngagadoehan adegan sorangan. Pangna ngajakeun ieu sakola, lantaran rea leden Pasoendan noe gegelendeng lantaran henteu kabagian tempat di H. I. S. Pasoendan ka I, nja harita teras ngajakeun komisi pikeun ngajakeun ieu H. I. S. noe ka II. Doepi noe didamel komisi tea, nja Djrg. Soetedjo Atmodipoero Djrg. Soepian Iskandar sareng Djrg. Djarkasih.

Hatoer noehoen ka noe djadi komisi, ka noe kagoengan boemi doegi ka ieu sakola tiasa diboeka, hatoer noehoen ka sadajana noe ngarodjong kana ieu pamaksadan, nja kitoe deui hatoer noehoen ka feestcomite. Nja kitoe deui ka wakil Pamarentah parantos maparin widi anggoeun iring iringan sareng kana perdjagianana politie.

Bentenna H.I.S Pasoendan ka I sareng ka II, ari noe ka doea mah henteu kenging soepsidi, djadi oerang teh laloeasa pisan, teu bade maeo lepaslepasan.

Dina kamadjengan teh kantenan oerang kedah nganggo dadasar kabangsaan. Bangsa oerang salamina kedah basadjan, henteu sakoemaha mikaresepna kana luxe-dingen, nanging dina rasa kabatinan noe koedoe dipadjoekeun djeung dimoeljakeunana teh. Oerang koedoe katjida enjana njanghareupan cultuur titinggal ti karoehoen oerang noe koe oerang ajeuna beunang di pake djalan kana ngoedag kamadjoean tea. Oerang teh dilalahinna oge oerang Soenda, djadi dadasar kabangsaan teh moal robah koe pangreka deungeun.

Moegi para Djrg. pertjanten masrahkeun para poetra ka goeroe-goeroena di ieu sakola.

Djrg. Djakaria sareng djrg. Wijana! Ieu masrahkeun moe rangkalih noe sakieu reana, mangga geura atik soepaja djadi djalma pinter toer berboedi, sangkan gede goenana dina hiroep koemboehna engke di ahir. Djisim koering pertjanten tangtos para djrg. baris ngaloearkeun tanaga sareng sadajana kakiatan pikeun ngamadjengkeun ieu sakola.

Djrg. Atmodipoero kalajan asmana goeroe goeroe H.I.S. Pasoendan ka I. ngiring bingah kana ngadegna H.I.S. Pasoendan noe ka II, sareng njoehoenkeun dima'loem bisi dina ieu pesta aja kakiranganana.

Sanggeusna eta toeloej ngajakeun karameun koe knoelinan baroedak.

Tatamoe tatamoe didjamoe sakadarna, bari naringalikeun kamoeesan baroedak tea.

Poekoel 11 diseungeut deui bom nandakeun jen pesta bobaran.

Perloe oge di dieu ditjaritakeun, dina keur iring iringan djeung dina keur pesta tea, lantaran di djalan rea pisan djalma, politie katjida beresna ngatoer verkeer, nepi ka henteu matak salempang kana ajana katjilakaan.

---

## Kawat

tina s. s. k.

**NEDERLAND.**

**„Tribune."**

Amsterdam, (Aneta Nipa) Di rectie leeszaal oemoem geus ngalarang soerat kabar Tribune (soerat kabar comunist) diteundeun dina tempat matja.

**Katjilakaan motor.**

Halfweg, (Aneta Nipa). Hidji motor anoe ditoempakan koe F. Barbering ti Den Haag geus noebroek hidji autobus anoe keur eureun di sisi djalan, sigana koe lantaran katjida tarikna, sirahna anoe toempak motor nepi ka beulahna sarta harita keneh njawana paragat.

F. Lygraaf anoe ngabontjeng dina motor, eta oge meunang tatoe dina sirahna sarta kaajaannana matak salempang kana djiwana.

**Djoemblahna doeit beunang ngoempoelkeun.**

Den Haag, [Aneta Nipa] Nationaal Steuncomite pikeun ngadegkeun deui paviljoen Nederland nepi ka ajeuna geus bisa ngoempoelkeun doeit tina dermadjoemblahna f 25.000.

**Beunang di tjitjil**

Middelburg, (Aneta Nipa). Pangadilan geus netepkeun, jen Firma van Heel & Co bisa majar njitjil dina tempo sataoen satengah.

—o—

**DUITSCHLAND.**

**Riboet**

Essen, (Aneta Nipa Reuter). Kariboetan kariboetan geus kadjadian di poe eurna paoesahaan areng batoe di Gelsenkirchen.

Sakoeliah kota, damar geus di pareuman, lantaran djalma djalma geus njieun riboet, lampoe lampoe di sapandjang djalan di peupeuskeun.

Di sapandjang djalan batoe ditoempoek toempoek, sangkan djadi halangan ka noe ngaliwat. Sawatara toko toko barang djeung kadaharan di eta district geus dirampog.

Sora pestol kaoem roesoeh djeung politie noe ngadaga di djalan, sapeuting eta teu aja eureunna.


**Opruiming !!!**

50% **KORTING** 50%

(1/2 Harga).

Mimiti ti tanggal 25 Juli 1931 di TOKO SOENDA. Stationsweg (Tasikmalaja) baris diajakeun OPRUIMING, teroes teu diwates-wangenan. Barang-barang didjoeal nepi ka beakna, moal diberendelkeun saroepa-saroepana, langkoeng sae para djoeragan soemping koe andjeun bae kangge ngaboektikeun koemaha MIRAHNA barang-barang anoe didjoeal di toko noe kasebat di loehoer.

Hoermatna

Toko „SOENDA"

648

# ADVERTENTIËN


## JODOSTICK

**Naon ari Jodostick?**

Oooh, JODOSTICK hidji landong anoe katjida mandjoerna pikeun roepi-roepi panjawat saperti:
— Raheut, kakadek, dipatjok Oraj, keuna —
— koe seungseureudan sareng sabangsana. —
Nganggona katjida gampilna, eta raheut atawa noe oeroet diseureud tea, asal disoesoet koe JODOSTICK tangtos peurahna moal tiasa njaliara harita keneh
— — — tiasa sae deui. — — —

**Pangaos hidji fles moeng f 2.—**

Tiasa kenging ti:

CHEMICALIEN HANDEL

**V.H. TOKO NIC. MULLER**

Goenoeng Ladoe 15 —o— Telefoon 26

TASIKMALAJA. 521



Kangeraosna rasiah mah geus tangtoe saehna bae. Moal aja anoe henteu panasaran kana rasiah. Ajeuna aja boekoe noe nembe medal, disebatna

## Rasiah
# Karaton Radja Sepanjol

**(SERIE No. 938)**

**Pangaosna f 0,35 sahidji.**

Boekoena format alit. Lelakonna matak kapintjoet nonoman. Moal waka dioetjah-atjeh, margi rasiah. Enggal bae ngagaraleuh eta boekoe ka

**Bale Poestaka** Batavia-Centrum.

647 – 11



# „De Gouden Ster" speciaal.

Limonade kloearan paling blakang. Lims crush, orange crusch dan lain-lain dari sarinja boeah jang toelen, dan dari aer djeroek betoel. Harganja ada beda sedikit, tapi kwaliteitnja tanggoeng menjoekoepi Boleh dateng minta tjonto boeat bikin
——— PERTJOBAAN ———

*Dengan segala hormat,* 523

**Mineraalwater Fabriek „DE GOUDEN STER"**

**Tasikmalaja -- Telefoon No. 114.**



## GRAMOPHOON & PLATENHANDEL
# „DE HARP"

Groote Postweg 66 — Filiaal Singaparnaweg 45
BANDOENG TASIKMALAJA

Salamina njajagikeun roepi-roepi parabot kaperloean muziek, anoe ditanggel tiasa njoemponan kana sanes kanten noe dipesen koe para djoeragan.

Roepi-roepi plaat gramophoon, sareng dina lagoe-lagoena oge ngabadja njajagian lagoe anoe dina waktos ieu mah keur meudjeuhna dipikatjinta, sapertos: Sprekende film, Djawa, Soenda, Malajoe, Bobodoran sareng sadjabina ti eta

Soepados tiasa ngaboektikeun teu langkoeng sae mangga ditjarobi bae.

*Hoermatna*
*noe ngadjeng-ngadjeng.*

522



## Dokter H. HEERDJAN

Di djeroe djalan Tjitjendo djeung Kebonkawoeng
BANDOENG, TELEFOON No. 780.

Waktosna nampi tamoe (noe lalandong):
Endjing ti taboeh 7 doegi ka taboeh 9.
Siang id. 4 id. 6.

520



## Galoenggoeng Drukkerij

Tasikmalaja

Tjitakan sareng roepi-roepi kantoorartikelen pikeun publiek Bandjar sareng sawewengkonna tiasa dipesen ka:

BESTUUR C. I. B.
(Cooperatie Istri Boemipoetra) BANDJAR.



# NEMBE DIBOEKA

Kangge ngagampilkeun kana saniskanten kaperloean langganan sareng tiasa enggal njoemponan sadaja pesenan, ngabadja ngawitan ti 1 April 1931, TEGELFABRIEK „NAJA" Tasikmalaja, ngajakeun filiaal di Soebang, tempatna di Soekamenak. Ngadamelan roepi² tegel beton rooster (angin²) beton buis (koeloewoeng), padamelanana ditanggel ngabingahkeun toer pangaosna tiasa dibandingkeun.

*Noe ngadjeng-ngadjeng,*

**Tegelfabriek „NAJA"**

517 TASIKMALAJA — SOEBANG



KEBOE OEDENG



# HALIM

WEST PASAR STRAAT 16
— BANDOENG —



Ketoe oedeng Pasoendan, roepi-roepi model md. A., md. D., md. A. Osvia md. D. Osvia tina roepi-roepi batikan. Ngawitan ti Pangaos f 1,75, f 2,— f 2,50, f 3,— f 3,50 enz.
Ketoe oedeng model wiron Pasoendan (Soenda Kadieunan) anoe nganggo endol alit ipis sareng anoe henteu, batikna oge roepi-roepi pangaos idem
Ketoe oedeng wiron kadjawan, nganggo wiroe 18 lapis sareng nganggo kepet (tjetjepet) batikan roepi-roepi pangaos idem anoe nganggo endol sareng henteu.
Kopejah bloedroe bideung sareng beureum, nja kitoe deui modelna, model Medan (ipis sareng leuleus) raos dianggona pangaos f 1,50 oekoeran roepi-roepi. Kopejah Padang soetra anoe saena, f 1,— anoe boelak-balik f 1,50-
Sindjang poleng Bandjaran anoe saena f 2,75 poleng Cheribon f 4,50-
Poleng Soetra ditanggel kiat f 5,—. Poleng Soetra anoe pangsaena kaloearan Soemedang f 10,— palekat tjap korsi No. 1 f 3,25.
Sadajana pangaos teu atjan kaetang ongkos ngintoen. 524



# OSRAM GLOEILAMPEN

Jang soedah terkenal kakoeatannja lebih terang menjalanja dari laen-laen lampoe boeat listrict. Djoega disediaken boeat tarief D. jang pake tjentilan diatasnja.

Bisa dapet di 505

# TOKO TRIO

**Goenoeng Sabeulah 27 - Tasikmalaja**



**KANTOREN:**

# R. Idih Prawira di Poetra

**RECHTSKUNDIGE**

Nampi padamelan ADVOCAAT EN PROCUREUR
OEROESAN: CIVIEL, CRIMINEEL, SARENG SADJABI TI ETA

Hoofdkantoor di Garoet: tel. 142 Tjimanoekweg No. 18
Bijkantoor di Tasikmalaja: di kantoor Sipatahoenan
Bijkantoor di Bandoeng: di kantoor Sipatahoenan,
— — Pangeran Soemedangweg No. 115. — —





## BANDOENGSCHE
## Chemische
## Wasscherij & Ververij

Stationsweg No. 30 naast GEBEO
TASIKMALAJA.

**TARIEF**

Boeat tjoetji pakean Toean-toean (Njonja-njonja).

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 Mentel wool (gabardin) | f 2.— | f 2.50 | t/m | f 3.— |
| 1 Sjaal wool | | f 1.— | „ | f 1.30 |
| 1 Tjiana item | | f 1.— | „ | f 1.25 |
| 1 Stel Flanel | | f 2.— | „ | f 2.50 |
| 1 Stel Gabardin | | f 2.— | „ | f 2.50 |
| 1 Stel Wool | | f 2.— | „ | f 2.50 |
| 1 Stel Palmbeach | | f 1.50 | „ | f 1.45 |
| 1 Stel Singpek (Shangtung) | | f 1.25 | „ | f 1.50 |
| 1 Topi laken | | | | f 1.50 |

BOEAT TJELEP

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 Badjoe Europa | | f 1.50 | t/m | f 3.— |
| 1 Badjoe tjelep tambah toea | f 2.— | f 2.25 | t/m | f 2.50 |

TISIK.

—:— Bisa bedami doeloe, ongkos —:—
—:— menoeroet besarnja jang ditisik. —:—

555



# Thee SEMANGAT 15 CENT PER PAK

*Pesenan paling sedikit 100 pak. Boleh dapet dari Pasoendan Istri Bogor atawa Centraal Coöperatie Indonesia Bogor.* → *Hoofdagente Roekmi Akil*


# IMPLIK-IMPLIK

## „Katidaresa"

ATAWA

## Tjinta noe mawa tjilaka

KARANGAN

M. O. WIGENAPRADJA.

No. 23

„Sanggeusna leler deui amarahna, pok Soedagar njarios: „Tah kitoe doedoekna perkara noe bener teh, para mitra mitra! Tina eta poé ieu mah oerang parere bae, anggoer oerang rioengan dahar di koela, sakalian oerang njalametkeun Boekhouder anjar sarta noe dipangsioen!"

„Oendjoek soemangga!" walon perseonilna mani raong, sarta toeloej sami boedal.

BAGIAN X.

(PANOETOEP).

Robahna kaajaan alam, katjida pisan gantjangna, komo sanggeusna aja dalapan taoenna mah ti waktoe R. Soekar titeuleum.

R. Djajadikarta sareng Nji R. Siti anoe katjida pisan dipoesti poestina sarta dipikadeudeuhna koe R. Ahmad, teu beda djeung ka iboe ramana bae, waktoe harita parantos maroelih ka kalanggengan.

Tapi nadjan kitoe R. Ahmad teu asa noenggelis teuing, lantaran teu lila deui ti harita andjeunna mendak djodo ka poetrana tjamat pangsioen, anoe katjida pisan bela toemoetoerna ka tjaroge. Tina kitoena hiroepna teh estoe moeljа pisan, manahna ngahenang ngahening, tiis tjeuli herang panon, bodjo Jenok sambel medok.

Ali ti saentasna ditoendoeng oge teu moentjoel moentjoel, ngan soeratna bae meroel menta dihampoera, tapi koe Soedagar teu diboeka-boeka atjan, troes bae dipoelang-poelangkeun deui. Koe kitoena Ali beuki ngabentjah bae, sarta teu lila deui aja bedjana maot lantaran panjakit kotor.

„Demi Enden Soehati bodjona R. Soekar, aloem sarta ngoeejoeng na teh ngan oekoer popoéan, da boektina teu lila mah ngan prak deui bae pelesiran djeung rorojalan teh dipilampah deui, saban poé saban peuting teu aja teu aja pisan kendatna. Koe sabab eta beuki lila beuki sisip bae harta banda titinggal rakana teh, nepi ka toengtoengna imah oge didjoeal, toeloej ngampeeng sarta njitjingan imah boetoet ka tambah-tambah leutik deui.

Poetrana noe katelah Neng Anah, waktoe harita geus oemoer salapan taoen, sarta geus disakolakeun ka sakola desa.

Dina hidji poé Enden Soehati keur tjalik di tepas, ret andjeunna ningal potret rakana, ngan sablak bae manahna kasieun soeat, roes ras emoet ka djaman keur moelja. Tapi kitoena teh teu lami lantaran kagebah koe poetrana noe nembe dongkap ti sakola. „Geuning geus balik deui An!" tjeuk Enden Soehati, Djeung koe naon bet moeroekoe soenoe kitoe?"

Neng Anah teu ngawalon ngan gabroeg bae ngarangkoel ka iboena, teras nangis bangoen noe njeri pisan. Barang geus rada leler pok Neng Anah njarios: „Iboe! abdi mah hojong pindah sakola teh, bongan baroedakna di dieu mah narakal. Oepami abdi rek miloe oelin teh sok toeloej bae dihempatan, barina njebatkeun kieu: „Hajoh anak bangsat rek miloe oelin! Tah kitoe, na jaktos iboe abdi teh anak bangsat? Kapan bangsat teh djalma awon saoer Djoeragan Goeroe oge!" bari teras Neng Anah nangis deui.

Enden Soehati sadjongdjongan mah ngahoeleng bae. Teu lami teras poetrana teh dipangkon bari njarios: „Moal enja bae Aan kapan Aan mah poetra iboe anoe manis sarta loetjoe!" Tapi sadjeroning njarios kitoe teh manahna mah asa digerihan, sarta teu karaos deui tjoerotnek bae tjipanon bidjil, bakating koe kadoehoeng sarta keuheul kana polah sorangan.

Tah kitoe toengtoengna noe sok ngaladjoer napsoe teh, noe katempoehan mah badanna pribadi.

T
A A
M A M
A A
T A M A T
A A
M A M
A A
T

# PELET

Pelet teh tjeuk noe achli schajoel mah paranti ngagantjangkeun kana hasilna kahajang oerang.

Dina ieu s.k. saban poé Saptoe diajaan advertentie noe laleutik, dina saban 5 regel

# F 1.-

CONTANT.

Sing saha anoe palaj enggal ngitjalkeun barang atanapi naon bae, oelah lali kana advertentie PELET.

Kintoenan tekst salamina kedah disarengan koe artosna, anoe henteu, oelah bendoe oepami eta advertentie henteu di moeat.

*Administratie.*